

830 Harrison Avenue, Boston MA 2<sup>yèm</sup> Etaj Moakley Building**Eksplikasyon pou Preparasyon Kolonoskopy****Jodi a**

- Planifye pou pran konje nan travay ou pou jou w ap fè koloskopi a.
- Ou **DWE** gen yon moun ki akonpaye ou pou vini nan lopital la epi pou mennen ou retounen lakay ou apre koloskopi a. Poutèt sa, kòmanse fè aranjman sa yo.

**7 Jou Anvan Randevou Ou**

- Achte medikaman doktè a preskri ou pou laksatif. Si ou pa genyen rele sèvis pasyan an (nimewo a anba la a)
- Sispann** pran konprime abaz Fè yo. Ou **kapab** kontinye pran multi-vitamin yo.
- Si w ap pran Coumadin/Warfarin oswa nenpòt lòt kalite medikaman pou fè san ou pi likid**, tanpri rele doktè premye swen ou/Klinik Coumadin jodi a pou jwenn lòt eksplikasyon.

**2 Jou Anvan Randevou Ou**

**Tanpri pa konsidere tout lòt eksplikasyon pou preparasyon pou fè pou pou nan lòt sous yo tankou famasyon, eksplikasyon ki sou papye anbalaj medikaman, zanmi/manm fanmi ak entènèt.)**

- Bwè omwen 8 vè dlo jodi a.
- SISPANN manje legim ak pwa** jouk apre koloskopi a. Ou **kapab** manje tout lòt kalite manje jodi a.

**Jou Anvan Randevou Ou**

**TOUT JOUNEN AN JODI A SWIV YON REJIM ALIMANTÈ AVÈK LIKID KLÈRÈT SÈLMAN. PA MANJE NENPÒT MANJE OSWA PA BWÈ LIKID EPÈ DITOU!!** Men kèk egzanp likid klèrèt: dlo, ji pòm, bouyon (PA SOUP KI GEN BAGAY LADAN), jele fwi, te/kafe san lèt/krèm, bwason abaz jenjanm, Sprite, **Pa pran anyen ki wouj souple.**

- 6 PM** Mete solisyon laksatif melanje a andedan frijidè a pou li glase (pa pran kib glas)
- 8 PM** Bwè mwaye nan Solisyon Laksatif la

**Jou Randevou Ou**

- 6 èdtan anvan lè randevou ou**, kòmanse bwè mwaye solisyon laksatif la. Ou dwe fini li omwen **2 èdtan anvan** koloskopi a (li pi bon pou fini li 3 a 5 èdtan anvan).
- Moun ki gen dyabèt:** Pran mwaye dòz ensilin ou nan jou pwosedi a epi pa pran grenn pou dyabèt la sof si doktè a mande ou pou fè sa.
- Pran tout medikaman regilye ou yo** avèk ti gòje dlo omwen 2 èdtan anvan tès ou.
- Sispann** pran nenpòt medikaman nan bouch 2 èdtan anvan koloskopi a.

**Si ou pa kapab vini nan randevou sa a, tanpri rele 617-638-6525, peze 1.**

**Si ou gen nenpòt kesyon tanpri kontakte Sèvis Pasyan 617-414-2494**